

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar panaliten saha pirembagan ingkang sampun katindakaken, saged dipunpendhet dudutanipun ngengingi bab wosing panaliten. Piwulang Asthaguna kadhapuk saking wolung piwulang ing antawisipun inggih menika *sabar, temen, rilan, pasrah, asih welas, nora panasten, remen pitulung, saha ngapura*. Wondene piwulang Asthaguna ingkang kapanggihaken wonten ing salebeting *Serat Candrarini* ing antawisipun inggih menika *sabar, temen, rilan, asih welas, nora panasten, remen pitulung, saha ngapura*. Piwulang *pasrah* boten kapanggihaken.

Saking asiling panaliten saged dipundudut bilih piwulang Asthaguna jumbuh dipunwulangaken ing pamulangan. Bab menika katitik saking asiling njumbuhaken piwulang Asthaguna kaliyan *kurikulum 2013* ingkang dipuncakaken wonten ing pamulangan ing tataran SMA ing Kabupaten Bantul. Mliginipun ing *mata pelajaran Pendidikan Agama Islam, Pendidikan Kewarganegaraan, saha Bahasa Jawi*. Kejawi menika jumbuhipun piwulang Asthaguna ugi kasengkuyung kaliyan asiling wawan pirembagan kaliyan saperangan Guru ingkang ngasta *mata pelajaran Pendidikan Agama Islam, Pendidikan Kewarganegaraan, saha Bahasa Jawi*. Saking asiling panaliten saged dipundudut bilih piwulang Asthaguna jumbuh kaliyan pamulangan ing tataran SMA.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika nedahaken bilih piwulang Asthaguna jumbuh dipunwulangaken wonten ing salebeting pamulangan mliginipun ing tataran SMA. Pramila saking menika dipunajib saking panaliten menika saged dipuncakaken ing salebeting kurikulum minangka wujud saking cak – cakaning *kurikulum*

Tumrapipun para pamaos mliginipun tiyang estri, nilai-nilai piwulang ing salebeting *Serat Candrarini* menika saged dados motivasi tumrap dhiri pribadi kangge mbentuk karakter ugi kangge nuwuhaken kulawarga ingkang ayem tentrem. Asiling panaliten menika kaajab saged dados referensi tumrap panaliten salajengipun.

C. Pamraogi

Adhedhasar panaliten ingkang sampun katindakaken, pamrayogi panaliten menika kaandharaken ing ngandhap.

1. Panaliten menika taksih winates amargi namung ndhudhah bab piwulang Asthaguna ing salebeting teks *Serat Candrarini*. Awit saking menika taksih kathah perkawis ingkang saged dipunangkat dados panaliten salajengipun mliginipun bab pawestri.
2. Panaliten menika taksih winates amargi nлити jumbuhipun piwulang Asthaguna ing salebeting *Serat Candrarini* wonten ing pamulangan ing tataran SMA. Awit saking menika saged katindakaken panaliten sanes ing tataran SD , SMP lan sanesipun.

3. Panaliten sanes ngengingi *naskah-naskah* Jawi prelu dipunlajengaken kangge nglestantunaken piwulang saking para luhur sarta kangge ngandharaken *informasi* ingkang mumpangati tumrap masarakat saking *naskah* Jawi.
4. Asiling panaliten menika saged dipunginakaken kangge *referensi* panaliten sanes, saha kaangkah piwulang ingkang kawrat saged dipuncakaken wonten gesang padintenan samenika.